
# Minana Ichirikuitwa

# Here Nhasi ?

NavaJ.C. Choate



# Minana Ichirikuitwa Here Nhasi?

**NavaJ. C. Choate**

Zvizhinji zvinotaurwa munyika yanhasi pamusoro pezvishamiso zvirikuitwa muupenyu hwevanhu naMwari. Zvakadaro hazvitaurwe mumasekete chete asi kune avo vanonamata zviumbwa vanotiwo minana inoitwa navamwari vavo.

Ndevapi vatingatenda? Ndezvipi zvatingatenda? Izvi zvinotaurwa zvinonzi ndezvechokwadi uye hazvikwanisike kuti isu tiende tinozvionera. Mwari varikuita here minana vachishandisa vanhu vemarudzi akasiyana siyana uye vanotenda zvakasiyana siyana.

Mwari vaishanda sei muvanhu munguva yekare? Ko shoko rake rinoti kudii pamusoro pemabatiro ake nhasi?

## Ndepapi paiitwa minana naMwari uye aizviitirei?

zvose zvakasikwa zvakaitwa kubudikidza nesimba uye neminana yaMwari. Mushure mekunge munhu atadza mitemo mitsva yakaiswa (Genesisi 3; vaRoma 8: 20, 21) Kunze kwekuti hutsvene hwaMwari hwakavapo, Mwari vakatendera kuti mitemi yaakaita kuti itonge pane chipi nechipi chinoitwa pasi pezuva.

## Minana

Asi mumagwaro tinoverenga minana ichiitwa. Izvi zvakaitika rinhi uye zvaiitirwei?

Adamu wakaita minana here? hativerengi nezvazvo.

Noah wakaita minana here? Kwete. Asi wakapedza makore zana achivaka areka uye achiunganidza zvekudya kugadzirira mafashamo.

Jobho wakaita minana here? Kwete. Akarasikirwa nezvose kusiya kwehupenyu hwake, asi haana kuita minana, kunyangwe Mwari vakaidza kutenda kwake.

Abrahamu wakaita minana here? Kwete. akararama hupenyu hwakaoma, achiterera zvaidiwa naMwari kuti aende kunyika yaazoratidzwa naMwari, asi hativerengi paanoita minana.

Eksodo 4: 1-9 inotaura kuti semudzikinuri wavo, uye mutauri wemutemo mutsva waMwari vaipihwa vaIsiraeri, Mosesi akapiwa simba rekuita izvozvo "minana nezvishamiso" kuti vanhu nevavengi vavo vazive kuti Mwari waishanda kudikidza naiye. (Deuteronomio 34: 10-12).

Munguva yeTestamente yekare, tisingatarisi mitemo yekutanga yakapihwa naMosesi, kwaiva nemaporofita akawanda avo Mwari aitaura kubudikidza naivo. Vamwe vavo vaiita minana vamwe vaisaita. Munguva yaMaraki, Mwari wanga wakanyarara, achivimbisa chete kuuya kwaMesiya kuzochengetedza nyika yaIsaraeri.

## Minana muTestamente Itsva

Johane mubhabhatidzi wakaita minana here? Hapana pakanyorwa kudaro.

Ko Jesu wakaita minana here? Hongu. Chiporofita chaiti Mesiah waizoporesa vanorwara, mapofu aizoona, zvirema zvaizofamba: "…… *Mwari venyu; uchauya achikuponesai. Ipapo meso amapofu achasvinudzwa, nenzeve dzematsi dzichadzivurwa. Ipapo unokamhina uchakwakuka senondo, rurimi rembeveve ruchaimba……*" (Isaya 35: 4-6). Jesu wakazadzisa zviporofita kuti ndiye waiva Mesiya akavimbiswa.

Maapostora wakaita minana here? Hongu. Zvekare simba rekuita minana rakapihwa semucherechedzo wekutumwa kana kupihwa bvumo naMwari: "*Akavatuma kuparidza vushe hwaMwari nekuporesa*" (Mateo 9:2). Mushure mekunge Jesu wamuka akaudza maapostora kuti vaende munyika vaparidze shoko kuzvisikwa zvose. "*Ivo vakaenda, vakaparidza kwose-kwose Ishe achibata navo, achisimbisa shoko nezviratidzo zvavaiva navo.*" (Marko 16:20).

MaKristu ose muTestamente Itsva vaiita minana here? Kwete. Mabasa 5: 12 inoti, "*Zviratidzo nezvishamiso zvizhinji zvikaitwa pakati pavanhu namavoko avapostora*,.." Kuna Mabasa 6:6 , maapostora "vaiisa maoko avo pamusoro" vakasarudzwa kuti vakwanise kuita minana. Zvipo izvozvo zvaipihwawo kune vamwe, sangano richikura uye richida vadzidzisi nevatungamiri vakafemerwa, vachizviratidza uye nemashoko avo neminana nezviratidzo zvavaiita.

Kubva kunaPauro 1 vaKorinte 14: 22, minana yaiva yeavo vasingatendi. Yaisangoitwa kuratidza vanhu kuti zvainga zvakanaka. Pauro aiva nemunzwa munyama, (2 vaKorinte 12: 7-9), asi haana kuporeswa neminana. Timotio wakanzi anwe waini shomana kuti mudumbu make mupore uye nezvimwe zvirwere zvake zvakasiyana siyana. (1 Timotio 5:23). Epafrodito wakarwara zvakanyanya zvekusvika panhovo yerufu, asi haana kuporeswa neminana. (vaFiripi 2: 25-27).

## Minana yakapera here?

Minana yaiva zviratidzo zvaiunza shoko idzwa- mutemo yaKristu-uye vatumwi-vaapostora, uye nevadzidzisi vaiiswa maoko pamusoro. (Mabasa 8:14-18). Hapana pamwe pakanyorwa panotaura kuti vamwe vakapihwa simba rekuita minana. Naizvozvo kufa kwemaapostora nevamwe vavakapa zvipo izvi, nguva yeminana yakapera. Nei? Nekuti panguva iyi Testamente Itsva yakanga yapera.

Kuna 1 VaKorinte 13: 8-13, Pauro anoti, zvipo zveminana zvaipihwa vamwe (kwete munhu wese asi kusarudza maKristu; 1 VaKorinte 12:31). Akati paiva neimwe nzira yakanakisa uye minana yaizopera, "*icho chakarurama chakauya*" icho chaiva chinhu kwete Kristu. Chinhu chakarurama pano pasi ishoko ramwari.

Nhasi hatifanire kunetseka pamusoro pezviratidzo kuti ndizvo here, kana kuti Dzidziso kana mutumwa uyu ndewechokwadi here. zvose zvingaturwe ngazvienzaniswe neshoko raMwari. Zvakazarurwa 22: 18, 19, inotiraira kuti hatifanire kuwedzera pane zvakanyorwa. Hakuna minana nhasi, nekuti hakuna mutumwa mutsva kana shoko ritsva

kubva kuna Mwari.

**WORLD EVANGELISM TRACT**